



Pou Piblikasyon Imedya: 09/06/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**NAN JOUNEN PARAD PÒTORIKO A, GOUVÈNÈ CUOMO AP ANONSE VWAYAJ  
NAN PÒTORIKO POU RANKONTRE AVÈK ETIDYAN VOLONTÈ YO**

***Gouvènè Cuomo: "Nou te di premye jou a ke nou pral kanpe ak Pòtoriko nan chak etap nan wout la. Gen travay ki pou fèt toujou. Nou toujou ap fè sa. Nou pral mennen plis etidyan inivèsite ki soti nan SUNY ak CUNY pandan Lete sa a, yon lòt 300 etidyan pou ede rebati. Mwen prale lòtbò a ankò pou travay ak etidyan sa yo nan rekonstriksyon".***

***Gouvènè Cuomo: "Nou ap etabli tou yon Komisyon ki pral komemore Siklòn Maria a ak viktim Siklòn Maria yo... Epi nan Septanm sa a, ki se anivèsè Siklòn Maria a, yo pral anonse konsepsyon ki genyen an pou memoryal sa a epi ki kote li pral ye nan Battery Park City".***

Pi bonè jodi a nan Parad Jounen Pòtoriko a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse li pral fè yon vwayaj nan Pòtoriko pou rankontre avèk etidyan volontè SUNY ak CUNY yo ki ap ede zile a retabli apre enpak devastatè sezon siklònik 2017 la.

**ODYO** pou tande deklarasyon Gouvènè a disponib [isit la](#).

*Yon transkripsyon rapid diskou Gouvènè a disponib pi ba a:*

Nou swete tout moun yon bon Parad Jounen Pòtoriko a. Nou tout kanpe nan inite jodi a. Kominote pòtoriken an se yon pati vital nan vil sa a ak nan Eta sa a epi nou tout ap selebre dèske nou se Pòtoriken jodi a ak bèl atou yo pote pou vil sa a ak Eta sa a. Sa touchan espesyalman akòz frè ak sè nou yo nan Pòtoriko toujou ap soufri anba Siklòn Maria a. Epi Siklòn Maria te yon doub trajedi, li te yon siklòn epi ansuit se te mank respè gouvènman federal la te montre a lè li pa te asiste Pòtoriko jan li ta dwe a, fason nou te travay ak lòt kominote yo nan tout peyi sa a ak nan tout monn lan. Paske gouvènman federal la te bliye yon reyalite enpòtan, Pòtoriken yo se sitwayen ameriken, epi sa gouvènman federal la te fè a se te yon wont.

Nan New York, nou pa te bliye. Nou te di premye jou a ke nou pral kanpe ak Pòtoriko nan chak etap nan wout la. Manm Kongrè Velázquez, Manm Asanble Marcos Crespo, Rubén Díaz, nou te pami premye moun nan Pòtoriko apre Siklòn Maria a. Gen travay ki pou fèt toujou. Nou ap toujou fè sa. Nou pral mennen plis etidyan inivèsite ki soti nan SUNY ak CUNY pandan Lete sa a, yon lòt 300 etidyan pou ede rebati. Mwen prale lòtbò a ankò pou travay ak etidyan sa yo nan rekonstriksyon avèk Manm Kongrè, Rubén Díaz, Marcos Crespo paske gen travay pou fèt toujou.

Nou ap etabli tou yon Komisyon ki pral komemore Siklòn Maria a ak viktim Siklòn Maria yo. Manm Kongrè Velázquez ak Manm Asanble Marcos Crespo pral ko-prezidan komite

sa a. Gen sis kote nan Battery Park City ke yo pral egzaminen pou konstwi yon memoryal pou viktim Siklòn Maria yo. Epi nan Septanm sa a, ki se anivèsè Siklòn Maria a, yo pral anonse konsepsyon ki genyen an pou memoryal sa a epi ki kote li pral ye nan Battery Park City.

Kidonk, nou toujou ap travay pou rebati Pòtoriko epi nou pral travay pou rebati li pi byen pase jamè avan. Epi Nouyòkè yo angaje pou fè sa. Epi nou pral genyen yon memoryal pèmanan pou moun pa janm bliye sa ki te rive nan Pòtoriko epi pou yo pa janm bliye mank respè nasyon sa a te montre pèp Pòtoriko a, epi pou sa pa janm rive ankò.

###

Lèt nouvell disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)